



Pou Piblikasyon Imedya: 06/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EVÈNMAN AK AKTIVITE EKLIPS NAN PAK ETA NEW YORK YO

Jiska 8 avril, evènman yo atravè Eta a pral envite vizitè yo pou aprann sou eklips la ak fason pou rete san danje pandan y ap gade l

Yon seri obsèvasyon evènman yo pral fèt anndan ak deyò chemen totalite a nan 8 avril

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Pak Eta New York yo ak Sit Istorik yo pral òganize yon seri evènman ak aktivite pou selebre [eklips solè total](#) ra k ap pase nan Lwès New York, Finger Lakes ak Adirondacks nan 8 avril 2024. Evènman kosmik sa a rive yon fwa chak 400 ane nan menm kote a. Evènman yo pral fèt alafwa kote eklips la pral trè vizib atravè yon wout sere, ki refere tankou [chemen totalite](#) ak kote vizitè yo ka wè yon eklips pasyèl ra atravè rès eta a.

"Pandan n ap prepare pou akeyi piblik la nan bèl pak eta nou yo pou eklips solè total nan Eta New York, n ap ofri tou plizyè douzèn evènman ak aktivite ki mennen nan evènman ekstrawòdinè sa a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pi gwo priyorite nou an se asire Nouyòkè yo ak vizitè yo ka asiste espektak jenerasyon sa a san danje, epi mwen ankouraje tout moun pou yo kenbe sekirite nan tèt yo pou tout moun kapab jwi eksperyans sa a nan eta nou an."

Apati jedi 7 mas, evènman ki nan anpil pak eta ak sit istorik yo pral fasilite pwojè atizanal pratik tankou konstriksyon yon obsèvatwa eklips ki gen yon ti twou an won tankou Fè l Ou Menm (Do-It-Yourself) epi yo pral ofri pwogram edikatif ki chaje ak istwa ak syans sistèm solè. Nan dat 8 avril, gen anpil rasanbleman pou gade eklips ki pwograme, souvan avèk aktivite ki gen tematik eklips, diskisyon ak istwa, manje oswa ti goute, ak distribisyon linèt solè pou anpeche blesi grav nan je. Moun ki ta renmen enskri pou plizyè douzèn [evènman ak aktivite yo](#) ke pak ak sit istorik Eta New York ap òganize yo – jou eklips la ak jou anvan an – ka fè sa atravè [kalandriye evènman OPRHP](#) ak [sitwèb eklips](#).

Gouvènè a te anonse anvan sa, apati 4 avril 2024, syantifik yo, ekspè yo nan domèn lan ak astwonòt nan Administrasyon Nasyon Espas ak Ayewonotik (National Aeronautics and Space Administration, NASA) pral bay pwogram ak ekspozisyon nan

Pak Eta Niagara Falls (Niagara Falls State Park) ansanm ak nan tout vil la nan lokal ki gen ladan Bibliyotèk Piblik Niagara Falls (Niagara Falls Public Libraries), Sant Patrimwàn Wout Ray Soutèren (Underground Railroad Heritage Center), Akwaryòm Niagara (Aquarium of Niagara), Panorama Otorite Enèji New York (New York Power Authority Vista), Enstiti Kilinè Niagara Falls (Niagara Falls Culinary Institute). Tout evènman yo pral gratis epi ouvè pou piblik la (yo ka mande rezèvasyon selon disponiblite espas) pandan tout wikenn ki mennen jiska evènman 8 avril la. NASA pral òganize evènman menm jan an nan plizyè lòt vil atravè chemen totalite a. Nou kapab jwenn lis konplè evènman yo nan [sitwèb Eklips Solè 2024 | Niagara Falls USA](#).

Komisè Tanporè Pak Eta New York la, Randy Simons, te deklare, "Kòm previzyon ekspozisyon enspirasyon kosmik 8 avril la, Pak Eta New York (New York State Parks) yo fyè pou l ofri yon pakèt evènman ak aktivite pou moun aprann sou eklips solè total la. Edikatè anviwònman nou yo ak pèsònèl pak nou yo prepare pou akeyi vizitè ki soti toupre ak byen lwen, pou asire ke eksperyans sa a an sekirite epi memorab pou tout laj."

Direktè Kennedy Space Center NASA a nan Florid, Janet Petro, te deklare, "NASA kontan anpil pou li nan yon kote ki majik tankou Niagara Falls pou evènman enpresyonan sa a. Anplis li bèl pou nou obsève, eklips solè total sa a pral pèmèt syantifik yo gen yon opòtinite ki ra pou etidye kouwòn solèy la, sa k ap elaji konesans nou sou koneksyon solèy-latè ak enpak li sou planèt nou an. Mwen espere ou pral pran linèt eklips ou yo – ak kèk zanmi – epi vin jwenn nou pou kèk nan evènman nou te planifye pou selebre okazyon inik sa a."

Eklips nan Eta New York

Pandan apremidi 8 avril la, yon eklips total pral kouvri kèk pati nan lwès ak nò Eta New York. Nan mwens pase 15 minit nan yon fenèt 3:15 a 3:30, lalin lan pral pase ant tè a ak solèy la, sa k ap chanje lajounen an lannwit pou 1 ½ minit jiska 3 ½ minit. Chemen totalite ki apeprè 161 km lajè a pral antre nan pati sidwès eta a jis apre 3:15 PM, epi l ap soti nan nò New York jis anvan 3:30. Vil ak komin ki nan chemen sa a gen ladan Jamestown, Buffalo, Rochester, Syracuse, Watertown, Old Forge, Lake Placid ak Plattsburgh. Tout evènman an pral dire jiska 2 ½ èdtan, ki make lè solèy la premye twoub rive nan dènye moman yo lè lonbraj lalin lan parèt.

Pou lòt zòn nan eta a ki deyò chemen an, ap toujou gen yon spektak selès. Kouvèti minimòm nan eta a pral sou Long Island, ak solèy k ap kouvri a 88 pousan la. Vil New York pral jwenn 89 pousan kouvèti ak 96 pousan nan Rejyon Kapital la. Pwochen eklips solè total ki pral vizib nan alantou Etazini pral rive jis mwa out 2044.

Sekirite Piblik Pandan Eklips la

Eksepte pandan faz total kout nan yon eklips solè total, lè lalin lan konplètman bloke fas klere solèy la, li pa an sekirite pou gade dirèkteman solèy la san pwoteksyon je espesyalize pou vizyalize solèy la. Dapre NASA, gade nenpòt pati nan solèy la atravè yon lantiy kamera, longvi, oswa yon teleskòp san yon filtè solè espesyal ki fike devan optik la, pral imedyatman lakòz gwo blesi nan je. Faz pasyèl eklips solè yo ka sèlman

obsève san danje dirèkteman ak linèt espesyalize pou vizyalize solè ("linèt eklips") oswa yon vizyonè solè pòtatif. **Linèt solèy regilye, polarize oswa otremman, se pa yon ranplasman san danje pou linèt eklips solè yo.**

Gouvènè Hochul ankouraje anpil moun ki renmen eklips yo pou yo patisipe nan evènman sa ki rive yon fwa nan yon jenerasyon san danje, lè yo:

- Pwoteje je yo ak linèt solè espesyalize pou gade
- Tcheke sikilasyon anvan yo soti pou ale nan evènman sa a piske nou prevwa ap gen yon bann vizitè
- Prepare pou kondisyon meteyowolojik
- Pote pwòp materyèl yo ak fè atansyon ak karapat si y ap monte kan

Pandan 17 dènye mwa yo, yon gwoup travay entè-ajans, ki gen ladan prèske de douzèn ajans ak otorite eta yo, ap kolabore sou plan yo pou asire yon eksperyans vizyèl san danje epi memorab pou rezidan ak vizitè Eta New York yo. Li konsantre sou devlopman konsyantizasyon Eta a kòm yon kote prensipal pou fè eksperyans eklips la nan rasanble enfòmasyon enpòtan sou sekirite ak preparasyon, aplifye ak sipòte aktivite vizyèl espesifik rejyon an, epi kenbe kominikasyon regilye ak gouvènman lokal yo ak minisipalite yo, espesyalman sa yo ki nan chemen totalite a. Efò sekirite piblik New York yo aliyen ak wòl jiridiksyon nòmal Eta a sou pak Eta yo ak wout Eta yo ak sipò bay gouvènman lokal yo nan planifikasyon yo ak desizyon y ap pran an akò ak pwòp kòd, lwa ak bezwen pa yo pandan evènman enteresan sa a ap pwoche.

Defi sekirite piblik pou yon evènman konsa gen ladan jesyon sikilasyon, kapasite kominikasyon ak sante ak sekirite piblik. Sekirite piblik eta a, konte ak lokal ak efò jesyon ijans yo te epi yo pral kontinye adapte ak bezwen yo prevwa pou yon foul moun ki vin wè eklips la ki soti alafwa andedan ak deyò eta a.

Evènman nan Pak Eta yo ak Sit Istorik yo nan Chemen Totalite a

WESTERN NEW YORK

Pak Eta Allegany

Evènman pou gade eklips la (plizyè pwogram)
Lendi 8 avril 2024, 10:00 AM – 4:00 PM

Pak Eta Buffalo Harbor

Totalite sou Liy Santral la
Lendi 8 avril 2024 12:00 AM – 4:30 PM

Pak Eta Knox Farm

Timoun Piti yo – Eksploratè Espas yo
Jedi 4 avril 2024, 10:00 AM – 11:00 AM

Pak Eta Lak Erie

Obsèvasyon ak Atizana Eklips la
Lendi 8 avril 2024, 1:00 PM – 4:00 PM

Pak Eta Long Point sou Lake Chautauqua

Obsèvasyon ak Atizana Eklips la
Lendi 8 avril 2024, 1:00 PM – 4:00 PM

Pak Eta Midway

Evènman pou Gade Eklips la
Lendi 8 avril 2024, 1:00 PM – 4:00 PM

Pak Eta Niagara Falls

Pwojektè Eklips Solè ki gen Twou an Won DIY
Jedi 7 mas 2024, 6:00 PM – 7:30 PM
Samdi 23 mas 2024, 3:30 PM – 5:00 PM

Istwa sou TSE (Eklips Solè Total)
Vandredi 8 mas 2024, 5:30 PM – 6:30 PM

Lè Eklips la Te Isit la Dènye Fwa
Vandredi 22 mas 2024, 5:30 PM – 6:30 PM

Pwomnad nan Chit yo
Vandredi 5 avril 2024, 1:00 PM – 2:30 PM
Samdi 6 avril 2024, 1:00 PM - 2:30 PM ak 6:00 PM – 7:30 PM
Dimanch 7 avril 2024, 1:00 PM - 2:30 PM ak 6:00 PM – 7:30 PM

Totalite nan Chit yo
Lendi 8 avril 2024, 10:00 AM – 4:30 PM

Pak Eta Woodlawn Beach

Amizman nan Solèy
Dimanch 7 avril 2024, 10:00 AM – 11:00 AM

FINGER LAKES AK NEW YORK SANTRAL**Pak Eta Cayuga Lake**

Eklips Solè
Lendi 8 avril 2024, 2:00 PM – 4:30 PM

Pak Eta Fair Haven Beach

Eklips Solè Total (plizyè pwogram)
Lendi 8 avril 2024, 12:00 PM – 4:30 PM

Sit Istorik Eta Ganondagan

Ēgä:hgwáhdö't – Pral gen yon Eklips (plizyè pwogram)
Lendi 8 avril 2024, 12:00 PM – 5:00 PM

Pak Eta Selkirk Shores

Eklips – Baz Latè II
Lendi 8 avril 2024, 12:00 PM – 4:00 PM

NORTH COUNTRY / ADIRONDACKS

Sit Istorik Eta Crown Point

Obsèvasyon Eklips la
Lendi 8 avril 2024, 10:00 AM – 4:00 PM

Pak Eta Cumberland Bay

Eklips Solè Lendi
Lendi 8 avril 2024, 2:00 PM – 4:30PM

Pak Eta Wellesley Island

Totalite sou Rivyè a
Lendi 8 avril 2024, 10:00 AM – 5:00 PM

GWO REJYON KAPITAL/LÈS ADIRONDACKS

Fèm John Brown

Obsèvasyon Eklips la depi Fèm John Brown
Lendi 8 avril 2024, 10:00 AM – 4:00 PM

Èvènman nan Pak Eta yo ak Sit Istorik yo Andeyò Chemen Totalite a (Eklips Pasyèl)

GWO REJYON KAPITAL/LÈS ADIRONDACKS

Pak Eta John Boyd Thacher

Eklips Solè: Lè Aktivite
Samdi 23 mas 2024, 1:30 PM – 2:30 PM

LONG ISLAND

Rezèv Pak Eta Rivyè Connetquot

Eklips Solè 101
Vandredi 8 mas 2024, 6:00 PM – 8:00 PM

Fanm nan Lespas!

Vandredi 15 mas 2024, 6:00 PM – 8:00 PM

Istwa Eklips Solè

Vendredi 29 mas 2024, 6:00 PM – 8:00 PM

Pak Eta Sunken Meadow (Gouvènè Alfred E. Smith)

Eklips Solè 101

Dimanch 24 mas 2024, 10:00 AM – 11:30 AM

Pwogram pou Timoun Piti: Mesye Solèy Annò

Jedi 28 mas 2024, 10:30 AM – 11:30 AM

Pwogram Familyal Istwa Eklips Solè

Vendredi 29 mas 2024, 6:00 PM – 8:00 PM

HUDSON VALLEY / CATSKILLS

Pak Eta Bear Mountain

Obsèvasyon Eklips la nan Bear Mountain

Lendi 8 avril 2024, 2:00 PM – 4:00 PM

Pak Eta Minnewaska

Prepare pou Eklips la! Kreye Pwòp Vizyalizatè Eklips Ou nan Sam's Point

Mèkredi 27 mas 2024, 10:00 AM – 12:30 AM

Rezèy Pak Eta Minnewaska: Zòn Sam's Point

Rezèy Pak Eta Rockefeller

Kontaj Regresif Final la: Kesyon yo Poze Souvan sou Eklips Solè ak Atizana!

Dimanch 17 mas 2024, 2:00 PM – 3:00 PM

VIL NEW YORK

Rezèy Pak Eta Clay Pit Ponds

Atizay nan Pak la: Obsèvatè Eklips la

Samdi 16 mas 2024, 1:00 PM – 3:00 PM

Pak Eta Franklin D. Roosevelt Four Freedoms

Atizay nan Pak la: Obsèvatè Eklips la

Samdi 16 mas 2024, 1:00 PM – 3:00 PM

Pak Eta Gantry Plaza

Atizay Eklips la nan Pak la

Jedi 21 mas 2024, 3:00 PM – 4:30 PM

Pak Eta Marsha P. Johnson

Atizay nan Pak la: Obsèvatè Eklips la

Jedi 28 mas 2024, 3:00 PM – 4:30 PM

Pak Eta Shirley Chisholm

Atizay nan Pak la: Kreye Pwòp Vizyalizatè Eklips Ou!
Samdi 30 mas 2024, 1:00 PM – 3:00 PM

Sware Obsèvasyon Eklips Solè
Lendi 8 avril 2024, 2:00 PM – 4:00 PM

Randone nan Eklips Solè
Lendi 8 avril 2024, 2:00 PM – 4:00 PM

Pak Eta Riverbank (Pak Eta Denny Farrell Riverbank)

Atizay nan Pak la: Obsèvatè Eklips la
Dimanch 10 mas 2024, 1:00 PM – 3:00 PM

Pak Eta Roberto Clemente

Atizay nan Pak la: Kreye Pwòp Vizyalizatè Eklips Ou
Dimanch 10 mas 2024, 11:00 AM – 1:30 PM

Pou w konnen tout evènman ki òganize nan pak eta yo nan chemen totalite a, vizite [Kalandriye Evènman](#) nou yo. Pou plis enfòmasyon sou Eklips Total 2024 la nan Eta New York, vizite <https://www.iloveny.com/events/eclipse-2024/>.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvizite plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, ki te wè yon kantite rekò 84 milyon vizitè an 2023. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite parks.ny.gov, telechaje [aplikasyon NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Rejwenn nou pou selebre Santènè nou pandan tout ane 2024 la, epi konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#) (anvan li te rele Twitter), ak [blòg OPRHP](#).

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)